Зугьраги Ахмадги

Г1ун вач1унев жиндирго вас Ах1мадиде Зугьраца малъула, г1агарал, мадугьалихъ ругел ч1ах1иял чаг1азде ацциян абизе кколилан. Ах1мадица абула, жинда гьезул цIарал лъалин, жинца гьезул цIаралго абилилан.Гьесда ццин бахъун, Зугьраца абула, гьезде цIар дуца абулеб батани, жиндеги эбелин абичIогун Зугьраян абейилан. Батани лъиде-лъидеха дица ацциян абизе кколебилан   Ахiмадица гьикъидал, Зугьраца рикIкIуна киналго лъалел гIадамазул цIарал…

- Гьу-у-у, гьев щинав чиясде ацциийилан абизегIан дица дуде Зугьрайиланго абила – ян абула АхIмадица эбелалде

СалихI СалихIов